

# Misyon Nou

Projè Vòl Salè nan Sosyete Èd Legal sèvi tout victim Vòl Salè nan Konte Palm Beach. Objektif nou se pou bay bon kalite sèvis legal ki gratis pou tout anplwaye ki sipose re-sevwa salè nan men anplwayè yo, poutèt yo pa peye nou kòb yo dwe nou, oswa poutèt yo pa peye nou ase.



Legal Aid Society  
of  
Palm Beach County, Inc.

---

## Pou Kontakte Pwojè Èd Legal pou Vol Salè

Lè Biwo Ouvè se  
Lendi a Vandredi  
9:00 a.m. – 5:00 p.m.  
Aswè sou randevou.  
Voice Mail disponib 24/7,  
Jou fèt yo ladanl,  
Ak enstriksyon  
An Anglè e Espayòl.

*Telefòn aksè direk pou Vol Salè:  
(561) 655-8944 ekst. 358*

Legal Aid Society  
of  
Palm Beach County,  
Inc.



---

## Pwoje Èd Legal pou Vol Salè

*423 Fern Street, Ste 200  
West Palm Beach, FL 33401  
Rele: (561) 655-8944  
ekst. 358*

# Vol Salè

## Ki sa Vol Salè ye?

“Vol Salè” vle di pa peye salè ou mal peye salè. Vol Salè konn rive lè travayè yo pa resevwa salè minimòm yo mande a ou salè pou tan siplemantè yo, lè bòs travay volè èd tan travayè yo, ou fòse travayè yo travay lè yo finn pontche, pa peye travayè yo dènye chèk yo, fè ekspres klasifye anplwaye yo kòm kontraktè endepandan poutèt pou yo pa peye salè minimòm ak tan siplemantè, oubyen pa peye travayè yo ditou. **Tout travayè yo gen dwa legal a salè yo lè yo fin travay, nenpòt ki estati legal yo genyen.** Sosyete Èd Legal la ap travay ankolaborasyon ak Biwo Komisè Gouvènman nan Konte Palm Beach la pou adrese ka flagan vol salè yo ak entimidasyon ak menas kont travayè yo kap fè reklamasyon yo.

## Kilès ki ka victim vol salè?

Vol Salè konn afekte travayè ki touche pa lè ak travayè ki touche sou valè moso yo fè e nou jwen sa anpil nan sèvis endistri ki peye ti kraze kòb yo ki konsidere kòm zo do ekonomi Sid Florid la, tankou travay nan jaden plant ak flè, otèl ak restoran, travay jounalye, travay lakay, ak travay kote yap vann an detay se yo ki pi kouran. Byenke sa afekte travayè ki touche yon ti kraze kòb yo ak travayè imigran yo nan yon fason ki pa menm, se tout travayè ki santi enpak la. Lè travay san konsyans yo vòlè salè kèk travayè san yo pa kenbe yo, yo jwen yon avantaj ki pa jis sou lòt konpetitè onèt yo, konsa yo desann estanda tout lòt travayè. Vol Salè afekte kominote a tou paske li refize travayè yo dwa pou sibzistans yo ak sipò pou fanmi yo, epi sa fè efè sou ekonomi lokal la.

## Sèvis yo ke Pwojè Sosyete Èd Legal pou Vol Salè Bay

Sèlman rele (561) 655-8944 ekst. 358 si w se yon anplwaye ki te viktim vol salè.

Yap ba w yon lè randevou pou fè rapò a, kote nap jwen enfòmasyon nesèsè pou detèmine si w te viktim de vol salè, e konyen yo dwe w. Enfòmasyon kap vin la yo ap yon bon gid pou ede nou rapouswiv reklamasyon w lan pou salè yo pa peye w ou mal peye w yo.

- Non ou
- Adrès ou ak nimewo telefòn (pou nou ka kontakte w)
- Non plas travay kote ou (te) travay la)
- Lokasyon travay la, ak ki kote ou te fè travay la (sa ka diferan de kote ou te travay)
- Telefòn travay la
- Supèvisè, Manager ou non Pwopriyetè a (ak ki moun nou dwe pale)
- Jan de travay ou te fè
- Kijan ak kilè yo te peye w (sa vle di: kach ou chèk, chak Vandredi)
- Konbyen lajan yo dwe w, epi
- Nenpòt enfòmasyon anplis ke w ka bay tankou kopi resi chèk yo, dosye pèsònèl de lè yo ou te travay, ou lòt enfòmasyon sou jan bòs travay ou abitye peye w ap itil.

**Tout sèvis yo gratis e konfidansyèl, ke w gen papye legal ou non, epi pa gen kritè pou w kalifye. Nenpòt moun ki abite nan Konte Palm Beach la ki te viktim de vol salè kalifye pou asistans.**

Nan ka yo kote Sosyete Èd Legal pa kapab ede w direkteman, yap fè tout efò pou refere w a ajans apwopriye a, òganizasyon ou avoka prive pou ede w nan reklamasyon salè w la.

## Kesyon yo poze souvan yo

***Kèk moun nan travay mwen an pa pale Anglè e yo vle pale avè w.***

Nou ka ede w jwen moun nan travay la ki pale kouraman kèk lang (pa egzanp. Espayòl ak Kreyòl). Nou genyen tou disponib yon sèvis entèprèt pou lang ki ka ede w ak tradiksyon nan anpil lòt lang.

***Pandan yon bon bout tan mwen pa te travay pou bòs sa. Konbyen tan m genyen pou ranpli pou yon konplèt?***

FLSA genyen jiska de (2) zan tan limit dapre la lwa ( twa zan pou vyolasyon ekspres yo). Sa vle di ou pa ka kolekte nenpòt pati nan reklamasyon salè ke yo te dwe w ke w te travay pou li si sa gen plis ke de (2) zan pase avan ke yon pwosè federal te ranpli. Genyen tou tan limit espesifik pou ranpli pou pwosè sivil pou salè yo pa peye w. Konsa, poutèt pou asire nou ka konplete envestigasyon nou an avan tan limit la lwa bay la ekspire, anplwaye yo dwe kontakte Sosyete Èd Legal la osivite ke posib.

## Pou kontakte Pwojè Èd Legal pou Vol Salè

**Lè Biwo Ouvè se Lende a Vandredi  
9:00 a.m. – 5:00 p.m.  
Aswè sou randevou**

**Voice Mail disponib 24/7, jou fèt yo ladanl, ak enstriksyon an Anglè e Espayòl.**

**Telefòn aksè direk pou Vol Salè:  
(561) 655-8944 ekst. 358**